

Yon Rezime sou MAFS Pou Paran yo#

Ane Eskolè	Rezime sou Ane Eskolè MAFS yo	Sipòte Aprantisaj MAFS Lakay
K	<p>Nan jadendanfan, pitit ou a pral konsantre prensipalman sou de (2) sijè enpòtan. Premye a se aprann chif e kisa chif reprezante. Dezyèm nan se adisyon ak soustraksyon. Elèv pral aprann tou idantifye e travay avèk fòm. Aktivite nan sijè sa yo gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Konte konbyen objè ki nan yon gwoup e konpare kantite de (2) gwoup objè • Konpare de (2) chif pou idantifye kiyès ki gen plis oubyen mwens pase lòt la • Konprann adisyon kòm ajoute e soustraksyon kòm retire • Adisyon e soustrè chif ki toupati rapidman e efikasman • Itilize divès fason pou separe chif ki pi pitit pase 10 oubyen ki egal a 10 (pa egzanp, $9=6+3$, $9=5+4$) • Pou nenpòt chif de 1 a 9, jwenn kantite ki manke pou rive sou 10 • Reprezante pwoblèm ki fèt ak mo adisyon e soustraksyon nan sèvi ak objè oubyen nan desine foto • Rezoud pwoblèm ki fèt ak mo adisyon e soustraksyon ki gen ladan chif 10 oubyen mwens lè w adisyon yo, oubyen retire nan yon chif 10 oubyen mwens • Mezire longè objè nan sèvi ak yon objè ki pi kout kòm yon inite longè 	<ul style="list-style-type: none"> • Sèvi ak objè òdinè pou pèmèt pitit ou a konte e gwoupe yon koleksyon objè. • Ankouraje pitit ou a konbine chif plizyè fason. Pa egzanp, ki kantite fason ou ka fè 10? Repons yo ka gen ladan $5+5$, $6+4$, $8+2$, eksetera. Fè pitit ou a eksplike sa ki nan lide l. • Fè pitit ou a kreye pwoblèm ak istwa pou reprezante adisyon ak soustraksyon ti chif. Pa egzanp, "Ann te gen uit balon. Epi li bay twa, donk li sèlman rete senk." • Ankouraje pitit ou a pou l kenbe la nenpòt lè yon pwoblèm parèt difisil. Sa pral ede pitit ou a wè tout moun ka aprann matematik. • Felisite pitit ou a lè li fè yon efò e pataje kontantman li lè li rezoud yon pwoblèm oubyen li konprann yon bagay pou premye fwa.
1	<p>Nan premye ane eskolè, elèv pral travay sou chif antye e valè pozisyon chif la—ki gen ladan gwoupe chif an dizèn e inite pandan y ap aprann adisyon e soustrè jiska 20. Elèv pral sèvi ak tablo, tab, e dyagram pou rezoud pwoblèm. Aktivite nan sijè sa yo pral gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Adisyon chif ansanm ki egal a 10 oubyen mwens rapidman e efikasman e soustrè nan chif jisrive nan 10 • Konprann règ adisyon ak soustraksyon (pa egzanp, $5+2=2+5$) • Rezoud pwoblèm ki fèt ak mo ki gen ladan adisyon oubyen soustrè chif jisrive 20 • Konprann kisa diferan chif vle di nan nonb ki gen de (2) chif (valè chif la) • Konpare nonb ki gen de (2) chif nan sèvi ak senbòl $>$ (siperyè a), $=$ (egal a), e $<$ (enferyè a) • Konprann definisyon siy egal la ($=$) e detèmine si kalkil ki gen ladan adisyon ak soustraksyon vre oubyen fo (pa egzanp, kiyès nan kalkil ki ap suiv yo ki vre? $3+3=6$, $4+1=5+2$) • Adisyon ansanm nonb ki gen youn ak de chif • Konprann fason pou sèvi ak yon règ pou mezire longè pou rive nan pous ki pi pre a. • Mete objè nan lòd soti nan pi long rive nan pi kout oubyen pi kout rive nan pi long • Idantifye e konbine valè lajan an santim jisrive yon dola nan travay avèk yonsèl inite lajan • Òganize objè pa kategori e konpare kantite objè nan diferan kategori • Divize sèk ak rektang an mwatye e pa kat 	<ul style="list-style-type: none"> • Chèche opòtinite òdinè pou fè pitit ou a fè matematik. Pa egzanp, si w ouvri yon bwat ze e ou pran sèt ladan, mande, "Konbyen ki rete nan bwat la?" • Jwe jwèt matematik avèk pitit ou a. Pa egzanp, "Mwen gen yon chif nan tèt mwen. Lè m ajoute senk sou li, mwen jwenn 11. Kisa chif la ye?" • Ankouraje pitit ou a pou l li e ekri chif nan diferan fason. Pa egzanp, nan ki fason ou ka fè chif 15 la? 15 ka $10+5$, $7+8$, $20-5$, oubyen $5+5+5$. • Fè pitit ou a kreye pwoblèm ak istwa pou reprezante adisyon, soustraksyon, ak konparezon. Pa egzanp, "Mwen gen sèt santim. Frè mwen gen senk santim. Konbyen santim li bezwen pou l gen menm kantite ak mwen? Li bezwen de (2) santim anplis." • Ankouraje pitit ou a pou l kenbe la nenpòt lè yon pwoblèm parèt difisil. Sa pral ede pitit ou a wè tout moun ka aprann matematik. • Felisite pitit ou a lè li fè yon efò e pataje kontantman li lè li rezoud yon pwoblèm oubyen li konprann yon bagay pou premye fwa.
2	<p>Nan dezyèm ane eskolè, elèv pral ogmante konpreyasyon yo sou valè chif nan pozisyon santèn. Yo pral sèvi ak konpreyasyon valè chif sa a pou rezoud pwoblèm ki fèt ak mo, tankou sa ki gen longè ak lòt inite mezi. Elèv pral kontinye travay sou ladrès adisyon ak soustraksyon yo, adisyon e soustrè chif jisrive 20 rapidman e efikasman e travay ak chif jisrive 100. Yo pral devlope tou yon fondasyon pou konprann fraksyon nan travay avèk fòm e jewometri. Aktivite nan sijè sa yo pral gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Adisyon chif rapidman e efikasman ansanm ki egal a 20 oubyen mwens oubyen soustrè nan chif jisrive 20 • Rezoud pwoblèm ki fèt ak mo, youn oubyen de etap nan adisyon e soustrè chif jisrive 100 • Konprann sa diferan chif yo vle di nan yon nonb ki gen twa chif • Adisyon e soustrè nonb ki gen twa chif • Mezire longè objè nan inite estanda tankou pous ak santimèt • Rezoud adisyon ak soustraksyon pwoblèm ki fèt ak mo ki gen longè ladan • Rezoud pwoblèm ki gen ladan lajan • Divize yon rektang an kawo menm gwosè • Divize sèk ak rektang an mwatye, tyè, oubyen pa ka • Rezoud adisyon, soustraksyon, e konparezon nan pwoblèm ki fèt ak mo nan sèvi ak enfòmasyon yo prezante nan yon tablo ki fèt an kazye • Ekri ekwasyon ki reprezante adisyon ak chif egal • Detèmine chif antye enkonni an nan yon ekwasyon ki gen ladan kat oubyen plis chif antye. Pa egzanp, detèmine chif enkonni ki fè ekwasyon an vre nan sa ki ap suiv yo: <ol style="list-style-type: none"> 1. $37+10+10 = _ +18$ 2. $?-6=12-4$ 3. $15-9+6=X$ 	<ul style="list-style-type: none"> • Jwe jwèt matematik avèk pitit ou a. Pa egzanp, "Mwen gen yon chif nan tèt mwen. Li gen 5 dizèn, 3 santèn, e 4 inite. Kisa chif la ye? 354." Oubyen sèvi avèk yon je kat, pase de (2) kat e mande pitit ou a pou adisyon de (2) chif yo. Ou ka idantifye yon chif ou vize tou e mande pitit ou a pou l swa adisyon oswa soustrè pou jwenn chif ou vize a (Sèvi ak chif 20 oubyen plis). • Fè pitit ou a eksplike rapò ant diferan chif san li pa konte. Pa egzanp, 147 se 47 plis pase 100 e mwens pase 150. • Ankouraje pitit ou pou l kenbe la nenpòt lè yon pwoblèm parèt difisil. Sa pral ede pitit ou a wè tout moun ka aprann matematik. • Felisite pitit ou a lè li fè yon efò e pataje kontantman li lè li rezoud yon pwoblèm oubyen li konprann yon bagay pou premye fwa.

Yon Rezime sou MAFS Pou Paran yo#

Ane Eskolè	Rezime sou Ane Eskolè MAFS yo	Sipòte Aprantisaj MAFS Lakay
3	<p>Nan twazyèm ane eskolè, elèv pral kontinye devlope konpreyansyon yo sou chif, nan konprann pi byen fraksyon kòm chif. Yo pral aprann konsèp ki dèyè miltiplikasyon ak divizyon e aplike ladrès rezolisyon pwoblèm ak estrateji pou miltipliyè e divize chif jisrive 100 pou rezoud pwoblèm ki fèt ak mo. Elèv pral fè koneksyon tou ant konsèp sifas yon rektang ak miltiplikasyon e adisyon chif antye. Aktivite nan sijè sa yo pral gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Konprann e eksplike kisa sa vle di pou miltipliyè oubyen divize chif • Miltipliyè tout nonb ki gen yon chif pa kè (konnen tab miltiplikasyon yo) • Miltipliyè nonb ki gen yon chif pa miltip 10 (tankou 20, 30, 40) • Rezoud pwoblèm ki fèt ak mo an de (2) etap nan sèvi ak adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon, ak divizyon • Konprann konsèp sifas • Konekte mezi yon sifas ak miltiplikasyon e divizyon • Konprann fraksyon kòm chif • Konprann e idantifye yon fraksyon kòm yon chif sou yon liy chif • Konpare gwosè de (2) fraksyon • Ekprime chif antye kòm fraksyon e idantifye fraksyon ki egal ak chif antye (pa egzanp, rekonèt $3/1$ ak 3 se menm chif) • Mezire e estime volim likid ak mas objè nan sèvi ak inite estanda gram (g), kilogram (kg), ak lit (l), e rezoud pwoblèm ki fèt ak mo ki gen mezi sa yo ladan; rezoud pwoblèm ki fèt ak mo an yon etap ki gen ladan mas oubyen volim yo bay nan menm inite yo. • Reprézante e entèprete done 	<ul style="list-style-type: none"> • Jwe jwèt matematik avèk pitit ou a. Pa egzanp, “Mwen gen de (2) chif nan tè mwen pwodui yo ant 20 ak 30. Konbyen pè oupanse ki te ka rezoud pwoblèm sa a?” Fè pitit ou a eksplike solisyon yo. Kòman li fè konnen yo idantifye tout chif pè yo? • Ankouraje pitit ou a ekri oubyen dekri chif nan diferan fason. Pa egzanp, ki diferan fason pou ekri 1450? $1450 = 1$ milyèm, 4 santèn, 5 dizèn, ak 0 inite, oubyen $1000 + 450$, 14 santèn ak 50 youn, 13 san + 15 dizèn, eksetera. • Sèvi ak objè òdinè pou pèmèt pitit ou a eksplòre konsèp fraksyon. Pa egzanp, sèvi ak tas mezi pou fè elèv demontre konbyen $1/3$ ki gen nan yon chif antye, konbyen $1/4$ tas ou bezwen pou fè $11/4$ tas, e konbyen fwa ou gen pou replen yon $1/2$ tas mezi pou fè yon $1\frac{1}{2}$ tas. • Ankouraje pitit ou a pou l kenbe la nenpòt lè yon pwoblèm parèt difisil. Sa pral ede pitit ou a wè tout moun ka aprann matematik. • Felisite pitit ou a lè li fè yon efo e pataje kontantman li lè li rezoud yon pwoblèm oubyen li konprann yon bagay pou premye fwa.
4	<p>Nan katyèm ane eskolè, pitit ou a pral sèvi ak adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon, ak divizyon pou rezoud pwoblèm ki fèt ak mo, ki gen ladan rezoud pwoblèm mezire volim, mas, ak tan. Elèv pral kontinye devlope konpreyansyon yo sou fraksyon—kreye fraksyon egal, konpare gwosè fraksyon, adisyon e soustrè fraksyon, e miltipliyè fraksyon ak chif nonb antye. Yo pral eseye konprann tou relasyon ant fraksyon ak desimal. Aktivite nan sijè sa yo pral gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Rezoud pwoblèm ki fèt ak mo an plizyè etap, tankou pwoblèm ki gen mezi e konvèti mezi soti nan pi gwo pou pi piti inite • Miltipliyè e divize nonb ki gen plizyè chif • Elaji konpreyansyon sou fraksyon nan konpare gwosè de(2) fraksyon avèk diferan nimeratè (chif anwo yo) e diferan denominatè (chif anba yo) • Kreye fraksyon egal ($3/4 = 3 \times 2 / 4 \times 2 = 6/8$) • Adisyon e soustrè fraksyon avèk menm denominatè • Devlope fraksyon soti nan pi piti fraksyon ($3/8 = 1/8 + 1/8 + 1/8$) • Konekte adisyon ak soustraksyon chif antye pou miltipliyè fraksyon e chif antye • Konekte adisyon e fraksyon ak konsèp mezi ang • Reprézante e entèprete done • Konvèti fraksyon avèk denominatè 10 oubyen 100 an desimal • Lokalize desimal sou yon liy chif • Konpare desimal ak fraksyon nan sèvi ak senbòl $>$ (siperyè a), $=$ (egal a), e $<$ (enferiyè a) 	<ul style="list-style-type: none"> • Sèvi ak objè òdinè pou pèmèt pitit ou a eksplòre konsèp fraksyon. Pa egzanp, sèvi ak tas mezi pou elèv wè konbyen fwa ou bezwen ranpli yon $1/4$ tas pou l egal a $1/2$ tas oubyen konbyen $1/3$ ki gen nan de (2) tas. Fè elèv dekri de(2) fraksyon ki egal ak sèvi ak tas mezi (ranpli a $1/4$ tas mezi de (2) fwa se menm bagay ak ranpli yon $1/2$ tas mezi). • Fè pitit ou a ekri oubyen dekri fraksyon nan diferan fason. Pa egzanp, ki deferan fason pou fè $3/4$? Repons yo ka gen ladan $1/4 + 1/4 + 1/4$ oubyen $3 \times 1/4$ • Mande pitit ou a pou l kreye e dekri fraksyon egal. Pa egzanp, fè elèv pran yon fèy papye, pliye papye a an mwatye, epi depliye l e onbre $1/2$. Epi fè elèv pran menm papye a e pliye papye a an mwatye ankò. Depliye papye a e fè elèv pale sou kantite pati ki gen lonb kounye a. Ankouraje pitit ou a pale sou fason pou montre $1/2 = 2/4$. (Elèv ka kontinye pwosesis sa a nan kreye lòt fraksyon ki egal.) • Ankouraje pitit ou a pou l kenbe la nenpòt lè yon pwoblèm parèt difisil. Sa pral ede pitit ou a wè tout moun ka aprann matematik. • Felisite pitit ou a lè li fè yon efo e pataje kontantman li lè li rezoud yon pwoblèm oubyen li konprann yon bagay pou premye fwa.
5	<p>Nan senkyèm ane eskolè, elèv pral devlope konpreyansyon yo sou sistèm valè a nan travay avèk desimal jiska plas santèn. Etou elèv pral adisyon, soustrè, e miltipliyè fraksyon, ki gen ladan fraksyon avèk denominatè ki pa sanble. Yo pral kontinye ogmante ladrès yo sou jewometri ak mezi nan aprann konsèp volim e mezire volim yon kò solid. Aktivite nan sijè sa yo pral gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Miltipliyè chif antye ki gen plizyè chif rapidman e efikasman • Divize nonb ki gen jiska kat chif pa nonb ki gen de (2) chif • Sèvi a ekspozan pou ekspriye fòs 10 (nan 10^2, 2 se ekspozan an) • Li, ekri, e konpare desimal jiska plas plizyè milye • Adisyon, soustrè, miltipliyè, e divize desimal jiska santèn plas • Ekri e entèprete ekspresyon matematik nan sèvi ak senbòl tankou parantèz; egzanp, “adisyone 8 ak 7, epi miltipliyè li pa 2” ka ekri kòm $2 \times (8+7)$. • Adisyon e soustrè fraksyon ki gen diferan denominatè (chif anba yo) nan konvèti yo an fraksyon avèk denominatè ki matche • Miltipliyè fraksyon pa chif antye e lòt fraksyon • Divize fraksyon pa chif antye e chif antye pa fraksyon • Analize e detèmine relasyon ant modèl nimerik • Mezire volim nan sèvi ak miltiplikasyon e adisyon 	<ul style="list-style-type: none"> • Sèvi ak objè òdinè pou pèmèt pitit ou a eksplòre konsèp fraksyon; pa egzanp, fè pitit ou a divize yon sirèt (oubyen yon goute ki bon pou sante) ant twa moun. Mande, “Konbye chak moun resevwa?” (Chak moun ta resevwa $1/3$). Sipoze genyen twa sirèt ou planifye pou separe avèk de (2) zanmi. Fè pitit ou a dekri kantite chak moun pral resevwa. • Fè pitit ou a eksplike kòman pou ekri fraksyon nan diferan fason. Pa egzanp, ki diferan fason pou ekri $4/3$? Li ka reponn $4 \div 3$, $1 \frac{1}{3}$, $2/3 + 2/3$, $2 \times 2/3$, $8/6$, $4 \times 1/3$, eksetera. • Mande pitit ou a pou l ba ou yon fraksyon ki egal a yon desimal. Pa egzanp, ki de (2) fraksyon yo ka sèvi pou reprézante 0.6? Repons yo ka gen ladan $6/10$, $60/100$, $12/20$, oubyen $3/5$. • Ankouraje pitit ou a pou l kenbe la nenpòt lè yon pwoblèm parèt difisil. Sa pral ede pitit ou a wè tout moun ka aprann matematik. • Felisite pitit ou a lè li fè yon efo e pataje kontantman li lè li rezoud yon pwoblèm oubyen li konprann yon bagay pou premye fwa.

Yon Rezime sou MAFS Pou Paran yo#

Ane Eskolè	Rezime sou Ane Eskolè MAFS yo	Sipòte Aprantisaj MAFS Lakay
6	<p>Nan Sizyèm ane eskolè, pitit ou a pral aprann konsèp pousantaj ak pwopòsyon e itilize zouti sa yo pou rezoud pwoblèm ki fèt ak mo. Elèv pral kontinye travay rapidman e efikasman nan divize nonb antye ki gen de (2) chif e adisyone, soustrè, multipliyè, e divize desimal ki gen plizyè chif. Elèv pral elaji travay yo te gen anvan avèk fraksyon e desimal pou konprann konsèp chif rasyonèl—nenpòt chif yo ka fè nan divize yon nonb antye ak yon lòt, tankou $\frac{1}{2}$, 0.75, oubyen 2. Elèv pral aprann tou kòman pou ekri e rezoud ekwasyon—kalkil matematik nan sèvi ak senbòl, tankou $20+x = 35$—e aplike ladrès sa yo nan rezoud pwoblèm ki fèt ak mo ki gen plizyè etap. Aktivite nan sijè sa yo pral gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> Konprann e aplike konsèp pwopòsyon e pousantaj inite, e sèvi ak langaj kòrèk pou dekri yo (pa egzanp, pwopòsyon zèl a bèk zwazo 2 a 1, paske pou chak 2 zèl genyen yon bèk) Devlope konesans sou multiplikasyon ak divizyon pou divize fraksyon pa fraksyon Konprann chif pozitif ak negatif lokalize nan kote opoze 0 sou yon liy chif Sèvi ak chif pè, ki gen ladan chif negatif, kòm kowòdone pou lokalize oubyen plase yon pwen sou yon grafik Ekri e detèmine valè ekspresyon avèk ekspozan chif antye (tankou $15+32$) Identifye e ekri ekivalan ekspresyon matematik nan aplike pwopriyete operasyon yo. Pa egzanp, rekonèt $2(3+x)$ se menm bagay ak $6+2x$ Konprann rezoud yon ekwasyon tankou $2+x = 12$ vle di reponn kesyon, “Ki chif x reprezante pou fè kalkil sa a vre?” Reprezante e analize rapò ant varyab endepandan e depandan Rezoud pwoblèm ki gen ladan sifas ak volim 	<ul style="list-style-type: none"> Mande pitit ou a pou l kalkile pousantaj inite atik nou achte nan episri. Pa egzanp, si de (2) liv farin koute \$3.00, konbyen farin vann pa liv? Fè pitit ou a detèmine kantite engredyan ou bezwen lè w ap fè manje. Pa egzanp, si yon resèt bezwen 8 tas diri pou sèvi 4 moun, konbyen tas diri ou bezwen pou sèvi 6 moun? Ankouraje pitit ou a pou l kenbe la nenpòt lè yon pwoblèm parèt difisil. Sa pral ede pitit ou a wè tout moun ka aprann matematik. Felisite pitit ou a lè li fè yon efò e pataje kontantman li lè li rezoud yon pwoblèm oubyen li konprann yon bagay pou premye fwa.
7	<p>Nan setyèm ane eskolè, elèv pral devlope konpreyansyon yo pi plis sou pousantaj ak pwopòsyon, nan sèvi ak tab, grafik, e ekwasyon pou rezoud pwoblèm nan mond reyèl la ki gen ladan relasyon pwopòsyonèl. Elèv pral travay tou pou rezoud pwoblèm ki gen plizyè etap rapidman e efikasman ki gen ladan chif rasyonèl pozitif e negatif—nenpòt chif yo ka fè nan divize yon nonb antye pa yon lòt, tankou $\frac{1}{2}$, 0.75, oubyen 2. Anplis, elèv pral ogmante konesans yo nan jewometri e aplike pwopriyete operasyon pou rezoud pwoblèm mond reyèl la ki gen ladan l mezire objè ki gen plizyè dimansyon. Aktivite nan sijè sa yo pral gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> Detèmine si de (2) kantite nan yon relasyon pwopòsyonèl e sèvi ak konesans sou mezi, rapò, pwopòsyon, ak pousantaj pou rezoud pwoblèm ki gen plizyè etap Identifye pousantaj inite chanjman an (mezi konstan kote yon varyab chanje) nan tab, grafik, ekwasyon, ak deskripsyon vèbal Kalkile pousantaj inite ki asosye avèk pwopòsyon fraksyon, ki gen ladan kantite yo mezire nan diferan inite (pa egzanp, pwopòsyon $\frac{1}{2}$ yon ‘mile’ [apeprè yon kilomèt] pou chak $\frac{1}{4}$ èdtan vle di ou vwayaje 2 ‘miles’ nan yon èdtan) Rezoud pwoblèm nan sèvi ak ekwasyon pou jwenn valè yon varyab ki manke Aplike pwopriyete operasyon pou jenere ekspresyon matematik ekivalan Rezoud pwoblèm ki fèt ak mo e ki gen plizyè etap nan adisyone, soustrè, multipliyè, e divize nonb rasyonèl pozitif ak negatif nan nenpòt fòm (ki gen ladan, nonb antye, fraksyon, oubyen desimal) Konprann chif pa ka divize pa 0 Konvèti chif rasyonèl an desimal nan sèvi ak divizyon long Dekri sitiyasyon kote kantite pozitif ak negatif konbine pou fè 0 Jwenn sifas objè ki gen de dimansyon e volim ak sifas objè ki gen twa dimansyon 	<ul style="list-style-type: none"> Mande pitit ou a pou l kalkile inite mezi atik ou achte nan episri. Pa egzanp, si de (2) liv farin koute \$3.00, konbyen farin koute pa liv? Sèvi ak reklam nan magazen pou angaje pitit ou a nan travay avèk chif. Pa egzanp, si yon magazen fè reklam pou 30% rabè, fè pitit ou a estime kantite dola rabè a, ansanm ak pri rabè sou yon atik. Fè elèv sèvi ak kat chif 4 e nenpòt nan kat operasyon aritmetik yo pou ekri chif de 0 a 20 (pa egzanp, $44-44=0$; $4\cdot 4-4\cdot 4 = 0$. Kijan ou jwenn $1\frac{1}{4} / 4+4-4=1$). Ankouraje pitit ou a pou l kenbe la nenpòt lè yon pwoblèm parèt difisil. Sa pral ede pitit ou a wè tout moun ka aprann matematik. Felisite pitit ou a lè li fè yon efò e pataje kontantman li lè li rezoud yon pwoblèm oubyen li konprann yon bagay pou premye fwa.
8	<p>Nan uityèm ane eskolè, elèv pote konpreyansyon yo sou inite pousantaj ak relasyon pwopòsyonèl nan yon lòt nivo, nan konekte konsèp sa yo ak pwen sou yon liy e finalman nan sèvi avèk yo pou rezoud ekwasyon lineyè ki mande yo aplike rezonman aljèb ansanm ak konesans pwopriyete operasyon. Elèv pral ogmante konpreyansyon yo tou sou chif pi lwen pase chif rasyonèl ki gen ladan chif irasyonèl—ki vle di yo pa ka ekri yo kòm yon senp fraksyon, tankou rasin kare 2. Aktivite nan sijè sa yo pral gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> Konprann yo ka ekri chif rasyonèl (tankou $\frac{1}{2}$, 0.3, 2, oubyen -2) kòm yon desimal, men fòm desimal yon chif irasyonèl (tankou 2) toude, pa repete e li enfini Aplike pwopriyete ekspozan pou jenere ekspresyon nimerik ekivalan Detèmine valè rasin kare ti kawo ki pafè (tankou $49=7$) e kib rasin ti kib ki pafè (tankou $364=4$) Fè grafik relasyon pwopòsyonèl e entèprete pousantaj inite a kòm pant (fason yon liy fon oubyen plat) la Rezoud e fè grafik ki gen youn ak de (2) varyab ekwasyon lineyè Konprann yon fonksyon se yon règleman ki bay chak valè yon x egzakteman yon valè y, tankou $y=2x$, yon règleman ki ta dwe pwodui pè yo òdone tankou (-2,-4), (3,6), ak (4,8) Konpare pwopriyete de (2) fonksyon yo reprezante nan diferan fason (nan yon tab, grafik, ekwasyon, oubyen deskripsyon) Detèmine akò (lè fòm gwosè ki egal ak aparans) e parèyman (menm fòm men diferan gwosè) Aprann e aplike Teyorèm “Pythagorean” (yon ekwasyon ki gen rapò ak longè kote yon triyang dwat: $a^2 + b^2 = c^2$) Rezoud pwoblèm ki gen ladan volim silenn, kòn, ak boul 	<ul style="list-style-type: none"> Mande pitit ou a pou l fè yon rechèch sou Entènèt pou l detèmine kòman yo sèvi ak matematik nan karyè espesifik. Sa ka abouti a yon bon diskisyon e pèmèt elèv kòmanse panse sou aspirasyon yo nan lavni. Fè pitit ou a sèvi ak magazin, “clip art” (objè grafik), ak lòt foto pou jwenn e dekri egzanp chif ki parèy e ki akòde Sèvi ak diferan objè oubyen resipyan tankou yon mamit soup oubyen yon bwat soulye, mande pitit ou a pou l estime sifas ak volim, e tcheke repons la ansanm avè l. Ankouraje pitit ou a pou l kenbe la nenpòt lè yon pwoblèm parèt difisil. Sa pral ede pitit ou a wè tout moun ka aprann matematik. Raple pitit ou a pou l afwonte defi pozitifman e pou l wè matematik kòm yon sijè ki enpòtan. Evite pawòl tankou “Mwen pa t bon nan matematik” oubyen matematik twò difisil.” Felisite pitit ou a lè li fè yon efò e pataje kontantman li lè li rezoud yon pwoblèm oubyen li konprann yon bagay pou premye fwa.

Yon Rezime sou MAFS Pou Paran yo#

Ane Eskolè	Rezime sou Ane Eskolè MAFS yo	Sipòte Aprantisaj MAFS Lakay
9-12	<p>Nan lekòl segondè, elèv pral devlope yon konpreyansyon sou konsèp matematik pwofon e sèvi ak reflèks matematik pou rezoud pwoblèm mond reyèl. Kontrèman ak ane eskolè anvan yo kote yo òganize objektif aprantisaj dapre nivo ane eskolè, yo òganize objektif aprantisaj lekòl segondè dapre konsèp—tankou aljèb, fonksyon, oubyen jewometri—elèv pral aprann e metrize nan yon kantite kou matematik. Konsèp sa yo bati sou sa elèv aprann nan uityèm ane eskolè e avanse plis an pwofondè nan konesans ak ladrès atravè lekòl segondè. Men yon rezime brèf sou kèk travay elèv pral fè nan sijè sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kreye e rezoud ekwasyon (kalkil matematik ki sèvi ak lèt pou reprezante chif enkonni, tankou $2x-6y+z=14$) avèk youn oubyen plis varyab ki dekrit chif oubyen relasyon • Devlope yon konpreyansyon sou chif rasyonèl (tankou $\frac{3}{4}$) pou mete ladan ekspresyon rasyonèl (tankou $3/(x-4)$) • Sèvi ak estrikti yon ekspresyon pou idantifye fason pou re-ekri li. Pa egzanp, rekonèt x^8-y^8 se diferans ant de (2) kawo e yo ka ekri yo konsa tou $(x^4)^2-(y^4)^2$ • Adisyone, soustrè, e multipliyè “polynomial” (yon ekspresyon avèk plizyè tèm tankou $5xy^2+2xy-7$) • Entèprete pant yon liy kòm pousantaj chanjman nan de (2) varyab e entèseptè a kòm tèm konstan nan yon modèl lineyè • Devlope e analize fonksyon ki dekrit relasyon ant kantite e sèvi ak notasyon fonksyon (pa egzanp, $f(x)$ siyifi pwodui f ki koresponn ak rezilta x) • Reprézante e pèfòme operasyon avèk chif konplèks (chif tankou $3+5i$, kote i se yon chif imajinè e $i^2=-1$) • Konprann règleman pwopabilite e sèvi ak yo pou entèprete done e evalye rezilta desizyon • Distenge ant korelasyon ak aksyon • Entèprete done sou kantite ak kategori • Konprann e ofri teyorèm jewometrik (Kalkil matematik kote yo ka pwouve verite sou baz kalkil yo deja pwouve oubyen akseptè) • Sèvi ak rezonman aljèb pou pwouve teyorèm jewometrik • Aplike konsèp jewometrik pou kopye sitiyasyon reyèl 	<ul style="list-style-type: none"> • Montre ou enterese pou etid matematik pitit ou a. • Ankouraje pitit ou a pou l pèsistan; asire w li konnen matematik mande pasyans, patrik e tan pou panse e reflechi. • Ankouraje pitit ou a pou l poze pwofesè a kesyon swa pandan oubyen apre klas. • Ankouraje pitit ou a pou li revize nòt li pran nan klas chak swa. Si gen yon bagay li pa konprann, di pitit ou a pou l gade repons yo e retounen dèyè pou li detèmine kòman yo te jwenn solisyon an.